

BIWO POU ASISTANS TANPORÈ AK ENFIMITE NAN ETA NOU YÒK  
**FÒM POU RAPÒTE CHANJMAN NAN KOUPE POU  
 ACHTE MANJE**

(Tanpri Ekri Byen Klè an Lèt Majiskil)

NIMEWO KA A

OU FÈT POU RAPÒTE NENPÒT KI CHANJMAN NAN SITYASYON OU  
 DAPRE RÈGLEMAN KI EKRI ANBA LA A:

DAT: \_\_\_\_\_

POU: \_\_\_\_\_  
 ADRÈS: \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_

RANPLI FÒM SA A EPI VOYE LI TOUNEN PA LAPÒS BAY:

NON AK ADRÈS EPI NIMEWO TELEFON DISTRIK LOKAL LA:

### RESPONSABLITE OU GENYEN POU RAPOTE CHANJMAN

Tanpri, li kesyon yo ak règleman yo avèk anpil atansyon. Si ou pa rapòte nenpòt ki chanjman ou dwe rapòte menm jan règleman yo di pou ou fè a, nou ka oblige fè yon demann pou nou reklame benefis koupon pou achete manje nou ba ou anplis epi pou nou ka kolekte kantite benefis koupon pou achete manje nou ba ou anplis la nan men ou.

Nou eksplike chanjman ou DWE rapòte yo pi ba la a. Si ou vle, ou toujou kapab rapòte nenpòt ki chanjman ki fèt lakay ou epi ki gen rapò ak kesyon koupon pou achete manje. Si chanjman sa a ap ogmante nivo benefis ou epi si ou kapab pwouve chanjman an, nou va ogmante benefis ou yo.

**ESKE OU SE YON “MOUN KI RAPOTE CHAK SIS (6) MWA” OSWA YON “MOUN KI RAPOTE CHANJMAN”? OU KAPAB REPONN KESYON SA YO POU OU KONNEN SI OU SE YON “MOUN KI RAPOTE CHAK SIS MWA” OSWA YON “MOUN KI RAPOTE CHANJMAN”.**

1. Èske ou resevwa benefis koupon pou achete manje pandan yon peryòd tranzisyon (TBA)?	<input type="checkbox"/> WI – Ale Nan “TBA” nan paj 3 (Sote kesyon 2 jiska kesyon 8)	<input type="checkbox"/> NON – Ale nan kesyon #2, ki pi ba la a
2. Èske ou resevwa benefis Pwojè pou Amelyore Nitrisyon nan Eta Nou Yòk la (NYSNIP)?	<input type="checkbox"/> WI – Ale Nan “NYSNIP” nan paj 3 (Sote kesyon 3 jiska kesyon 8)	<input type="checkbox"/> NON – Ale nan kesyon #3, ki pi ba la a
3. Èske ou sètifye pou resevwa benefis koupon pou achete manje pou 5 mwa oswa pou mwens tan alafwa?	<input type="checkbox"/> WI – Ale Nan “Kouman pou Rapòte Chanjman” nan paj 2 (Sote kesyon 4 jiska kesyon 8)	<input type="checkbox"/> NON – Ale nan kesyon #4, ki pi ba la a
4. Èske nou kontwole salè nenpòt moun lakay ou touche nan travay nan kantite benefis koupon pou achete manje ou jwenn lan?	<input type="checkbox"/> WI – Ale Nan “Kouman pou Fè Rapò chak Sis Mwa” anba paj sa a (Sote kesyon 5 jiska kesyon 8)	<input type="checkbox"/> NON – Ale nan kesyon #5, ki pi ba la a
5. Èske tout granmoun ki lakay ou (18 an oswa piplis) se moun enfim oswa se moun ki gen 60 an oswa plis?	<input type="checkbox"/> WI – Ale Nan “Kouman pou Rapòte Chanjman” nan paj 2 (Sote kesyon 6 jiska kesyon 8)	<input type="checkbox"/> NON – Ale nan kekyson #6, ki pi ba la a
6. Èske tout moun lakay ou touche \$0 kòm salè (sa vle di \$0 pou Asistans Tanporè tou)	<input type="checkbox"/> WI – Ale Nan “Kouman pou Rapòte Chanjman” nan paj 2 (Sote kesyon 7 ak kesyon 8)	<input type="checkbox"/> NON – Ale nan kesyon #7, ki pi ba la a
7. Èske ou pa gen kote pou ou rete (ou pa gen kay) oswa ou se yon fèmye ki travay latè epi ki deplase soti yon kote pou ale yon lòt kote pou travay/oswa yon moun ki travay pa sezon?	<input type="checkbox"/> WI – Ale Nan “Kouman pou Rapòte Chanjman” nan paj 2 (Sote kesyon 8)	<input type="checkbox"/> NON – Ale nan kesyon #8, ki pi ba la a
8. Ou reponn “NON” pou tout 7 kesyon ki anwo a.	<input type="checkbox"/> Ale Nan “Kouman pou Fè Rapò chak Sis (6) Mwa” nan kòmansman paj 2	

## RÈGLEMAN SOU KOUMAN POU RAPÒTE CHANJMAN CHAK SIS (6) MWA:

Piske lakay ou benefisyé koupon pou achte manje dapre regleman pou "rapòte chak sis (6) mwa", ou gen pou ou rapòte chanjman yo lè pou ou resètifye sèlman, eksepte nan twa (3) sikontans sa yo:

1. **Si tout kay la fè yon revni angwo pa mwa ki plis pase 130% nivo lamizè a, apre fen mwa a, ou gen 10 jou nan kalandriye a pou ou rele, ekri, oswa ale nan distrik sèvis sosyal la an pèsonn pou rapòte kantite kòb pa mwa sa a.** Revni angwo a se kantite lajan ou touche anvan yo retire taks ak lòt lajan sou ou, se pa kantite lajan ou touche lè ou chanje chèk ou. Nou fèt pou sèvi ak revni angwo a pou detèmenin si ou kalifye pou benefis Koupon pou Achte Manje. Travayè sosyal la ap esplike ou kisa 130% nivo lamizè a vle di pou yon fammi gwosè pa ou la. Ou fèt pou ajoute nenpòt lòt revni ou resevwa epi ki pa lajan ou fè nan travay sou lajan ou touche angwo nan travay la, pou ou ka konnen si ou depase 130% nivo lamizè a. Pa egzanp, lòt revni ki konte yo se peman sipò pou timoun, Asirans Chomaj, peman Asistans Tanporè (TA), konpansasyon Asirans pou Aksidan nan Travay (Workers Compensation) oswa Benefis Sekirite Sosyal, Renvi Anplis pou Sekirite (SSI) oswa peman asirans prive pou moun ki pa ka travay. Si ou pa rapòte revni ou fè angwo epi ki depase 130% nivo lamizè a pandan nenpòt mwa nan kalandriye a, yo kapab konsidere tout benefis ou resevwa apre mwa sa a kòm peman anplis. Ou dwe fè menm bagay la menmsi revni angwo ou desann nan yon nivo ki pi ba pase 130% nivo lamizè a yon lòt mwa apre.
2. **Si peryòd sètifikasyon pou lakay ou pi plis pase 6 mwa:** Sou sis (6) mwa, lè yo fè yon tchèk sou peryòd sètifikasyon an, wap resevwa yon fòm pou rapòte epi ou **DWE** voye fòm nan tounen 10 jou apre dat ou te jwenn li a. Si gen nenpòt nan chanjman ki sou lis ki anba la a ki fèt lakay ou, ou **DWE** pou rapòte chanjman sa yo sou fòm pou rapòte nou te voye ba ou lè moman pou fè tchèk sou sis (6) mwa a te rive a.

### Men lis chanjman ou fèt pou rapòte lè yo fè tchèk sou peryòd sètifikasyon an sou sis (6) mwa a:

- Chanjman nan nenpòt **sous revni** pou nenpòt moun lakay ou.
  - Chanjman nan kantite **revni antou ki rante lakay ou epi ki fèt nan travay**, lè revni sa a ogmante oswa desann a pi plis pase \$100 pa mwa.
  - Chanjman nan kantite **revni antou ou pa fè nan travay, men ki rante lakay ou epi ki soti nan yon sous piblik** tankou Benefis Sekirite Sosyal oswa Benefis Asirans Chomaj, lè revni sa a ogmante oswa desann a pi plis pase \$ 50 pa mwa.
  - Chanjman nan kantite **revni antou ou pa fè nan travay, men ki rante lakay ou epi ki soti nan yon sous prive** (tankou Peman Sipò pou Timoun, Asirans Prive pou Lè Moun Pa Ka Travay, lè revni sa a ogmante oswa desann a pi plis pase \$100 pa mwa).
  - Chanjman nan **kantite lajan tribunal mande pou ou peye pou sipò pou timoun**, si sipò sa a se pou yon timoun ki pa nan kay kap resevwa benefis Koupon pou Achte Manje a.
  - Chanjman nan **kantite moun ki lakay ou**.
  - Nouvel adres ou, **si ou chanje kay** epi montan Iwaye a oswa ipotèk la (mortgage), pri chofaj ak tout lòt sèvis piblik yo (kouran, gaz pou fè manje, eksatera).
  - **Yon machin nèf oswa diferan**, oswa lòt kalite veiyikil.
  - Ogmantasyon nan lajan **kach, aksyon, bon, lajan moun lakay ou gen labank** oswa nan yon enstitisyon kote moun sere lajan, si kantite lajan kach ak kantite ekonomi tout moun nan kay la rive \$2000 oswa pi plis. (\$3000 oswa pi plis si gen yon moun lakay ou ki pa ka travay oswa ki gen 60 an oswa plis).
  - Nenpòt chanjman ki fèt lakay ou epi ki ta ka fè yo pran youn nan sanksyon ki dekri nan paj 6 la.
3. **Si nenpòt moun lakay ou ki resevwa benefis koupon pou achte manje ta yon granmoun Enganm, ki pa gen moun sou kont li ("ABAWD"), ou FÈT pou di nou si ou travay mwens pase 80 èdtan nan yon mwa, apre fen mwa sa te fèt la, men anvan 10 jou pase sou fen mwa a.**

### **REGLEMAN SOU KOUMAN POU RAPÒTE CHANJMAN:**

Piske lakay ou benefisyé koupon pou achte manje dapre regleman "Rapòte Chanjman", ou **DWE** rapòte chanjman sa yo anvan 10 jou pase sou dat chanjman an te fèt la:

- Chanjman nan nenpòt **sous revni** pou nenpòt moun lakay ou.
- Chanjman nan kantite **revni antou ki rante lakay ou epi ki fèt nan travay**, lè revni sa a ogmante oswa desann a pi plis pase \$100 pa mwa.
- Chanjman nan kantite **revni antou ou pa fè nan travay, men ki rante lakay ou epi ki soti nan yon sous piblik** tankou Benefis Sekirite Sosyal oswa Benefis Asirans Chomaj, lè revni sa a ogmante oswa desann a pi plis pase \$ 50 pa mwa.
- Chanjman nan kantite **revni antou ou pa fè nan travay, men ki rante lakay ou epi ki soti nan yon sous prive** (tankou Peman pou Sipò Timoun, Asirans Prive pou Lè Moun Pa Ka Travay, lè revni sa a ogmante oswa desann a pi plis pase \$100 pa mwa).
- Chanjman nan kantite **lajan tribunal mande pou ou peye pou sipò pou timoun**, si sipò sa a se pou yon timoun ki pa nan kay kap resevwa benefis Koupon pou Achte Manje a.
- Chanjman nan **kantite moun ki lakay ou**.
- Nouvel adres ou, **si ou chanje kay** epi montan Iwaye a oswa ipotèk la (mortgage), pri chofaj ak tout lòt sèvis piblik yo (kouran, gaz pou fè manje, eksatera).
- **Yon machin nèf oswa diferan**, oswa lòt kalite veiyikil.
- Ogmantasyon nan **lajan kach, aksyon, bon, lajan moun lakay ou gen labank** oswa nan yon enstitisyon kote moun sere lajan, si kantite lajan kach ak kantite ekonomi tout moun nan kay la rive \$2000 oswa pi plis. (\$3000 oswa pi plis si gen yon moun lakay ou ki pa ka travay oswa ki gen 60 an oswa plis).
- Si nenpòt moun lakay ou ki resevwa benefis **koupon pou achte manje ta yon granmoun Enganm** ("ABAWD") , ki pa gen moun sou kont li ("ABAWD"), ou fèt pou di nou si ou travay mwens pase 80 èdtan nan yon mwa, apre fen mwa sa te fèt la, men anvan 10 jou pase sou fen mwa a.
- Nenpòt chanjman ki fèt lakay ou epi ki ta ka fè yo pran youn nan sanksyon ki dekri nan paj 6 la.

### KOUMAN POU Kay Kap Resevwa Benefis Yo Bay nan Peryòd Tranzisyon (TBA) RAPÒTE CHANJMAN:

- Benefis koupon pou achte manje Yo Bay nan Peryòd Tranzisyon an kapab kontinye pandan jiska senk mwa apre yo fin fèmen ka Asistans Tanporè ou la.
- Ou pa oblige rapòte chanjman pandan peryòd tranzisyon an. Si ou gen chanjman ki kapab ogmante benefis ou, ou kapab kontakte moun ki responsab ka ou la pou ranpli yon aplikasyon pou resètifikasyon bonè nenpòt ki lè pandan peryòd tranzisyon an pou ou ka resevwa ogmantasyon an. Ogmantasyon an pap kapab fèt toutotan ou pa prezante yon aplikasyon pou resètifikasyon ki ranpli epi ki siyen, epi lè tout pwosedi resètifikasyon an fin fèt nèt.
- Ou fèt pou resètifye prèske nan fen peryòd tranzisyon an, pou wè si ou kapab kontinye resevwa benefis koupon pou achte manje lè peryòd tranzisyon ou lan fini. Nou va voye yon avi ba ou pou fè ou sonje ki kondisyon ki genyen pou resètifikasyon an. Si ou pa resètifye, nou pap voye okenn lòt avi ba ou epi nou fèt pou fèmen dosye koupon pou achte manje ou la.

### KOUMAN POU PATISIPAN NAN PWOGGRAM NYSNIP RAPÒTE CHANJMAN:

- Ou va resevwa yon lèt ki yon kontra pou 24 mwa apre lè ou kòmanse patisipe nan NYSNIP, ou dwe ranpli li epi voye li tounen.
- Ou pa oblige rapòte ankenn chanjman pandan peryòd sètifikasyon an sòf lèt kontra 24-mwa a ou gen pou ou voye tounen an. Si ou vle, ou kapab rapòte ogmantation nan depans medikal ou, lwave oswa pri lòt sèvis piblik yo (kouran, gaz pou fè manje, eksetera), oswa lòt rediksyon ki soti sou revni ou. Si ou rapote epi ou pwouve chanjman sa yo, ou gen dwa kalifye pou plis benefis Koupon pou Achete Manje. Si ou chanje kay, ou dwe rapòte nouvèl adrès ou pou ou ka kontinye resevwa tout dokiman nou voye ba ou yo.

**Depans Medikal:** Yo pa egzije ou pou rapòte chanjman ki fèt nan depans medikal ou pandan peryòd sètifikasyon ou. Men, si ou vle, ou gen dwa rapòte chanjman ki fèt nan depans medikal pou moun lakay ou ki:

- |  |   |
|--|---|
| <ul style="list-style-type: none"> <li>- gen 60 an oswa plis</li> <li>- madam/mari andikape oswa pitit andikape yon veteran ki mouri</li> <li>- ap resevwa Revni Anplis pou Sekirite (SSI)</li> <li>- ap resevwa peman Sekirite Sosyal pou Moun ki pa Ka Travay</li> </ul> | <ul style="list-style-type: none"> <li>- ap resevwa retrèt pou veteran ki pa ka travay</li> <li>- ap resevwa benefis retrèt gouvènman an bay pou moun ki pa ka travay</li> <li>- ap resevwa benefis Retrèt pou anplwaye chemannfè ki pa ka travay</li> <li>- ap resevwa asistans medikal ki baze sou si yon moun pa ka travay.</li> </ul> |
|--|---|

Si ou rapòte epi ou pwouve yon ogmantasyon nan depans medikal ou, ou gen dwa kalifye pou plis benefis Koupon pou Achete Manje. Ou dwe rapòte chanjman nan depans medikal ou nan pwochen resètifikasyon an.

**Règleman sou Kouman pou Moun Kap Resevwa Asistans Tanporè Rapòte:** Règleman ki sou lis ki anwo la a aplike pou pwogram benefis Koupon pou Achete Manje a sèlman. Si ou resevwa asistans tanporè (TA) tou, ou fèt pou toujou rapòte chanjman pou asistans tanporè a anvan 10 jou pase sou dat chanjman an te fèt la, nan rapò peryodik nou voye pa lapòs yo, nan Kesyonè sou Kalifikasyon pou Asistans Tanporè a (TA), epi lè wap fè resètifikasyon

#### Kilè pou sèvi ak fòm sa a:

Ou ka sèvi ak fòm sa a pou rapòte tout chanjman ki obligatwa oswa tout chanjman ou vle rapòte. Ou ka sèvi ak fòm sa a tou pou ou rapòte chanjman nan lajan ou depanse pou okipe timoun oswa granmoun ki enfim, oswa chanjman nan pri kay si ou demenaje. Si depans sa yo kontinye monte, ou gen dwa kalifye pou plis benefis Koupon pou Achete Manje.

Si ou gen prèv sou chanjman wap rapòte a, tanpri mete li ansanm ak fòm sa a. Konsa ou konnen sa ap fè ou resevwa kantite benefis Koupon pou Achete Manje ki kòrèk la. **Nou dwe verifye chanjman ou rapòte yo anvan nou ogmante benefis ou.**

Ou fèt pou voye fòm sa a pa lapòs oswa pote li nan ajans ki ekri anwo a. Si pou yon rezon kèlkonk ou pa kapab poste oswa pote fòm nan ale, ou kapab rele nou nan nimewo telefòn ki parèt nan paj 1 an pou ou rapòte chanjman yo.

Si ou pa vle resevwa benefis Koupon pou Achete Manje ankò, siyen la a pou ou ka wete tèt ou nan pwogram Benefis Koupon pou Achete Manje a. Benefis Koupon pou Achete Manje a ap sispann. Ou gen dwa konteste pou ou soti nan pwogram nan, si ou panse ou te resevwa enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki pa konplè sou kondisyon pou kalifikasyon pou benefis Koupon pou Achete Manje a. Lè sa a ou gen 90 jou pou ou mande yon Chitatande Rezonab. Ou ka aplike pou benefis Koupon pou Achete Manje ankò nenpòt ki lè apre ou fin wete tèt ou nan pwogram lan.

X \_\_\_\_\_

**SI OU KENBE ENFÒMASYON OU OBLIJE RAPÒTE SOU CHANJMAN KI FÈT LAKAY OU, WAP DWE NOU VALÈ TOUT BENEFIS KOUPE POU ACHTE MANJE OU RESEVWA ANPLIS POUTÈT OU PAT BAY TOUT EFÒMASYON KI NESESÈ A. SI OU FÈ ESPRE POU OU KENBE ENFÒMASYON OU DWE RAPÒTE YO, NOU KAPAB DISKALIFYE OU POU PWOGGRAM KOUPE POU ACHTE MANJE A EPI NOU KAPAB MENNEN OU LAJISTIS POU KRIM. (GADE "AVÈTISMAN SOU SANKSYON NOU PRAN POU KOUPE POU ACHTE MANJE") KI NAN PAJ 6 LA.**

### Sèvi ak Fòm Ki Anba La a pou Rapòte Chanjman

**CHANJMAN NAN REVNI OSWA NAN SOUS REVNI** – Si ou se yon moun ki rapòte chak sis (6) mwa, esplikasyon règleman sou kouman pou ou fè rapò yo kòmanse nan Paj 2. Si ou se yon moun ki rapòte chanjman, esplikasyon règleman sou kouman pou ou fè rapò yo parèt nan Paj 2.

NON MOUN KI GEN REVNI A	SOUS REVNI A	NOUVO KANTITE A	CHAK KONBYEN FWA YO RESEVWA REVNI A
1.		\$	
2.		\$	
3.		\$	

**CHANJMAN NAN KANTITE MOUN KI LAKAY OU** – Nan espas anba a, mete non tout nouveau moun ki lakay ou, mete non timoun ki fèk fèt tou. Epi bay non moun ki vin rete nan kay la, oswa ki kite kay la, oswa ki mouri.

NON	LAJ	RELASYON	CHANJMAN (TCHEKE YOUN)	DAT	KANTITE REVNI	SOUS
1.			<input type="checkbox"/> VIN RETE NAN KAY LA <input type="checkbox"/> KITE KAY LA		\$	
2.			<input type="checkbox"/> VIN RETE NAN KAY LA <input type="checkbox"/> KITE KAY LA		\$	
3.			<input type="checkbox"/> VIN RETE NAN KAY LA <input type="checkbox"/> KITE KAY LA		\$	
4.			<input type="checkbox"/> VIN RETE NAN KAY LA <input type="checkbox"/> KITE KAY LA		\$	

### CHANJMANADRÈS

NOUVO ADRÈS OU VIL ETA KÒD POSTAL

SI OU PA GEN YON ADRÈS KI GEN NON YON LARI LADANN, BAY KI WOUT POU FÈ POU VIN LAKAY OU (Si ou pa gen kay, kite li vid) NIMEWO TELEFON KOTE YO KA JWENN OU  
( ) KÒD REJYONAL

**CHANJMAN NAN DEPANS POU KAY** – Si ou demenaje, ou fèt pou fè lis nouveau depans ou anba la a. Menm si ou poko demenaje, ou kapab sèvi ak seksyon sa a pou ou fè nou konnen si kantite lajan ou peye pou lwavey ou, pou ipotèk (mortgage) ou oswa si lòt depans ou chanje.

Èske se yon chanm ou lwe oswa ou se  WI  NON Si ou reponn wi, èske manje  LADANN  PA LADANN yon pansyonè?

LWAVE	WI	NON	SI OU REPONN WI, BAY KANTITE KÒB PA MWA	CHANJMAN (TCHEKE YOUN)
Èske ou peye lwave?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	\$	<input type="checkbox"/> Menm <input type="checkbox"/> Plis <input type="checkbox"/> Mwens
Èske ou peye pou depans sa yo apa anplis lwave a?	WI	NON		
<ul style="list-style-type: none"> <li>Chofaj ak/oswa èkondisyone</li> <li>Sèvis publik (kouran, gaz pou fè manje, eksetera)</li> <li>Telefòn</li> </ul>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		
PEMAN IPOTÈK	WI	NON	SI OU REPONN WI, BAY KANTITE KÒB PA MWA	CHANJMAN (TCHEKE YOUN)
Èske ou gen yon ipotèk (mortgage) wap peye?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	\$	<input type="checkbox"/> Menm <input type="checkbox"/> Plis <input type="checkbox"/> Mwens
Èske ou peye pou depans sa yo apa anplis ipotèk la:	WI	NON	SI OU REPONN WI, BAY KANTITE KÒB PA MWA	CHANJMAN (TCHEKE YOUN)
<ul style="list-style-type: none"> <li>Taks sou pwopriyete</li> <li>Asirans kay</li> <li>Chofaj ak/oswa èkondisyone</li> <li>Sèvis publik (kouran, gaz pou fè manje, eksetera)</li> <li>Telefòn</li> </ul>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	\$	<input type="checkbox"/> Menm <input type="checkbox"/> Plis <input type="checkbox"/> Mwens
Èske ou rete nan kay seksyon 8 oswa lòt kay gouvènman peye?	<input type="checkbox"/> WI	<input type="checkbox"/> NON	Èske ou rete nan lojman publik?	<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON

**CHANJMAN NAN KANTITE MACHIN OSWA VEYIKIL** – Èske gen nenpòt moun lakay ou ki achte, vann oswa chanje yon machin, kamyon, bato, machin ki abitab, motosiklèt oswa lòt veyikil depi dènye fwa ou te ba nou enfòmasyon sou veyikil yo?

MAK	MODÈL	ANE	SI OU VANN LI, KANTITE LAJAN OU RESEVWA
1.			\$
2.			\$
3.			\$

**CHANJMAN NAN EKONOMI** – Bay kantite lajan **total** moun lakay ou genyen kounye a. Mete lajan kach, kont epay, kont kouran, aksyon, bon oswa lòt envestisman. Ou fèt pou fè nou konnen si ekonomi moun lakay ou **ogmante** a plis pase \$2,000 (\$3,000 oswa plis si youn nan moun lakay ou yo gen 60 an oswa plis oswa si gen yon moun lakay ou nou konsidere kòm yon moun ki pa kapab travay)

\$

**CHANJMAN NAN SWEN TIMOUN, DEPANS POU SWEN DEPANDAN OSWA KANTITE LAJAN KI PEYE POU SIPÒ POU TIMOUN-**  
Èske depans ou fè pou swen timoun oswa pou depandan chanje? Si ou reponn wi, ou kapab kalifye pou plis benefis Koupon pou Achte Manje.

CHANJMAN (TCHEKE YOUN)	POU KI MOUN?	KI MOUN OU PEYE?	NOUVO MONTAN	CHAK KONBYEN FWA OU PEYE?
1. <input type="checkbox"/> PA FÈ DEPANS SA A ANKÒ <input type="checkbox"/> FÈ DEPANS SA A			\$	
2. <input type="checkbox"/> PA FÈ DEPANS SA A ANKÒ <input type="checkbox"/> FÈ DEPANS SA A			\$	
3. <input type="checkbox"/> PA FÈ DEPANS SA A ANKÒ <input type="checkbox"/> FÈ DEPANS SA A			\$	

**CHANJMAN NAN DEPANS MEDIKAL (Doktè, Dantis, Lopital, Preskripsyon, eksetera.)** – Ou fèt pou rapòte chanjman ki fèt nan depans medikal ou lè wap fè resètifikasyon sèlman. Men, si ou vle, ou gen dwa rapòte chanjman ki fèt nan depans medikal ou nenpòt ki lè pou moun ki rete lakay ou epi ki:

- Gen 60 an oswa plis
- Madanm/mari oswa pitit yon veteran ki mouri
- Resevwa Revni Anplis pou Sekirite (SSI)
- Resevwa Peman Sekirite Sosyal pou Moun ki Pa Ka Travay
- Resevwa benefis retrèt pou veteran ki pa ka travay
- Resevwa benefis retrèt gouvènman an bay pou moun ki pa ka travay
- Resevwa benefis retrèt pou anplwaye chemenfè ki pa ka travay
- Resevwa asistans medikal ki baze sou si yon moun pa ka travay

Si ou rapòte epi ou pwouve yon ogmantasyon nan depans medikal ou, ou gen dwa kalifye pou plis benefis Koupon pou Achte Manje.

NON	KALITE DEPANS	KANTITE LAJAN	CHAK KONBYEN FWA OU DWE PEYE?
		\$	
		\$	
		\$	
		\$	

**ÈSKE OU ATANN OU POU CHANJMAN OU RAPÒTE YO RETE MENM JAN AN MWA PWOCHEN?**

WI  NON

Si ou reponn “NON”, bay esplikasyon:

MAKE LA A SI OU PA GEN <u>OKENN CHANJMAN POU OU RAPÒTE</u> SOU MOUN KI AP RAPÒTE KOUON POU ACHTE MANJE POU MOUN LAKAY OU	<input type="checkbox"/> OKENN CHANJMAN
--	---



## CHANJMAN NAN BENEFIS

Nap sèvi ak repons ou bay sou fòm sa a pou nou wè si benefis pou tout moun lakay ou ap chanje. Anvan nou chanje benefis ou yo, nap voye yon avi ba ou pou nou esplike ou kisa ki pral rive. Si ou pa dakò ak desizyon nou an, ou gen dwa mande yon chitatande rezonab pou diskite sou desizyon nou an.

### AVÈTISMAN SOU SANKSYON POU BENEFIS KOUPEON POU ACHTE MANJE (FS)

Ajan federal, ajan nan eta kote ou rete a ak ajan lokal ka verifye nenpòt enfòmasyon ou bay nan aplikasyon ou fè pou benefis Koupon pou Achte Manje. Si nenpòt enfòmasyon pa kòrèk, yo kapab refize ba ou benefis FS a. Yo ka mennen ou lajistis pou krim paske ou bay enfòmasyon ki pa kòrèk ak tout konesans ou.

Ou pap **janm** kapab jwenn benefis FS ankò si:

- yon tribunal deklare ou koupab paske ou te fè echanj benefis FS pou ou te ka achte oswa vann sibstans ki sou kontwòl (dwòg ilegal oswa kèk medikaman ki mande preskripsyon yon doktè) pou la dezyèm fwa; **oswa**
- yon tribunal deklare ou koupab paske ou te fè echanj benefis FS pou ou te ka vann oswa jwenn zam, minisyon oswa eksplozif; **oswa**
- yon tribunal deklare ou koupab paske ou te fè trafik pou \$500 oswa plis ak benefis FS. Fè trafik vle di itilize, transfere, achte, modifye oswa posede FS, kat otorizasyon oswa aparèy ki bay aksè a FS ilegalman; **oswa**
- yo deklare ou koupab paske ou fè espre pou komèt yon twazyèm Vyolasyon Entansyonèl nan Pwogram nan (IPV).

Ou pap kapab resevwa benefis FS pandan de (2) ane, si se premye fwa yon tribunal deklare ou koupab paske ou te fè echanj benefis FS pou ou te ka achte oswa vann sibstans ki sou kontwòl (dwòg ilegal oswa kèk medikaman ki mande preskripsyon yon doktè).

Si ou komèt:

- Yon premye IPV, ou pap kapab resevwa benefis FS pandan yon (1) ane.
- Yon dezyèm IPV, ou pap kapab resevwa benefis FS pandan de (2) ane.

Yon tribunal kapab anpeche ou resevwa benefis FS tou pandan 18 mwa anplis.

Si ou fè yon deklarasyon ki fo sou ki moun ou ye ak sou ki kote ou rete pou ou kapab jwenn plizyè benefis FS, ou pap kapab resevwa koupon pou achte manje pandan dis (10) ane (oswa **pou tout tan** si se twazyèm IPV ou komèt).

Yo kapab deklare ou koupab pou Vyolasyon Entansyonèl nan Pwogram nan, si ou:

- Fè yon deklarasyon ki fo oswa ou fè yon deklarasyon pou twonpe moun, oswa si ou mal prezante detay yo, ou kache detay yo oswa ou pa bay kèk detay; **oswa**
- Komèt nenpòt zak ki yon vyolasyon lalwa federal oswa lalwa eta kote ou rete a pou ou ka itilize, prezante, transfere, gen kontwòl, resevwa, posede oswa fè trafik koupon pou achte manje yo, kat otorizasyon oswa dokiman ki kapab itilize ankò epi ki fè pati sistèm Transfè Elektronik pou Benefis la.

Yo kapab fè ou peye yon amann ki ka koute jiska \$250,000, oswa yo kapab mete ou nan prizon pou jiska 20 an, oubyen ou kapab gen toulede.

### SÈTIKASYON

**Mwen byen konprann ki sinksyon ki genyen si mwen kache enfòmasyon oswa si mwen bay fo enfòmasyon. Mwen byen konprann tou map dwe valè nenpòt benefis Koupon pou Achte Manje mwen resevwa anplis paske mwen pa rapòte tout chanjman ki te fèt lakay mwen nèt. Mwen dakò pou mwen pwouve tout chanjman mwen rapòte, si sa nesesè. Repons mwen bay nan fòm sa a kòrèk epi yo konplè dapre sa mwen konnen. Mwen byen konprann siyati mwen ki sou fòm nan bay ajan federal, ajan eta kote mwen rete a, ak ajan lokal yo otorizasyon pou yo kontakte lòt moun oswa lòt òganizasyon pou verifye enfòmasyon mwen bay yo.**

SIYATI

X

DAT